

Pwotokòl Pou Alèji K Ap Menase Lavi pou: **LEKÒL PIBLIK MATCH CHARTER**

Prefas:

Lekòl Piblik Match Charter (“Match”) rekonèt ogmantasyon frekans alèji grav k ap menase lavi pami popilasyon ki nan laj eskolè nan peyi Etazini Damerik. Tout pandan alèji alimantè se fòm ki pi komen nan alèji k ap menase lavi moun, tretman pou yon reyakson alèjik k ap menase lavi (anafilaksis) se menm lan keseswa li koze pa yon reyakson alimantè, piki ensèk, latèks, sa egzèsis pwovoke, elatriye. Tankou, Match rekonèt nesesite pou ede timoun yo avèk evitasyon alèji tout sa ki ka favorize alèji e timoun nan kapab reyaksyone, epi etabli pwosedi dijans pout rete nenpòt reyakson alèjik ki kapab pwodui.

Deklarasyon Pwotokòl:

Objektif règleman sa a se pou etabli yon anviwònman sekirize pou etidyan match yo avèk alèji k ap menase lavi yo, e founi tout etidyan Match yo opòtinite patisipe konplètman nan tout pwogram e aktivite eskolè yo. Règleman yo ki mansyone nan dokiman sa fèt pou ogmante kolaborasyon ant paran yo, pwofesè yo, enfimyè eskolè yo, administratè yo e pèsonèl la, epi edike kominote eskolè Match la sou alèji k ap menase lavi moun.

Direktiv Administratif:

Ni Match, ni pèsonèl eskolè yo non plis, pap responsab pou dyagnostike alèji k ap menase lavi e/oswa manje yo, engredyan ki nan manje, oswa lòt bagay ki favorize alèji ki reprezante yon risk pou yon etidyan ki gen alèji k ap menase lavi I. Match pral devlope epi egzekite yon Plan Swen Sante Endividylè (Individual Health Care Plan, IHCP) pou tout etidyan yo ki dyagnostike avèk alèji k ap menase lavi yo, Match pral egzekite yon fòmasyon anyèl pou alèji k ap menase lavi e EpiPen pou tout pèsonèl la oswa pi souvan ki nesesè pou manm pèsonèl ki nouvo yo ak lòt moun yo. Si fanmi yo fè demann, yo pral founi yo enfòmasyon ki soti nan depatman sèvis alimantè konsènan engredyan ki nan manje lekòl la. Demann pou enfòmasyon sa a dwe ale nan adrès ki vin annaprè a: attn: Nnenna Ude, Match Charter Public School, 215 Forest Hills St., Jamaica Plain, MA 02130. Tanpri kite omwen sèt (jou) ki gen travay pase pou tretman dosye a.

A. Responsabilite Paran, Etidyan e Lekòl la:

- I. Responsabilite Paran an: Avan chak ane eskolè kòmanse, paran yon etidyan ki gen alèji k ap menase lavi I ta dwe:
 - a. Notifye enfimyè eskolè a alekri de alèji etidyan soufri a, oswa alèji yo;
 - b. Founi enfimyè eskolè a tout dokimantasyon nesesè, enkli:
 - i. Dokimantasyon doktè etidyan siyen ki bay detay sou sitiyasyon kondisyon etidyan an, preskripsyon medikaman yo, e/oswa yon pwotokòl swen dijans, si l aplikab;
 - ii. Yon lis de tout manje, engredyan e bagay ki favorize alèji yo konnen ki kapab lakoz yon reyakson ki menase lavi etidyan;
 - iii. fòmilè pèmisyon paran siyen pou administre medikaman, si sa nesesè; e
 - iv. de fason kontinyèl, dokimantasyon pou tout chanjman nan kondisyon oswa sitiyasyon alèjik e/oswa tretman etidyan an;
 - c. reyini ak enfimyè eskolè a pou devlope, revize e/oswa modifye Plan Swen Sante Endividylè etidyan an (Anglè: “IHCP”) ak Plan Aksyon Ijan (Anglè: “EAP”), epi delivre:
 - i. Nenpòt medikaman doktè etidyan te preskri lekòl la ta dwe genyen; e
 - ii. Kolasyon pou etidyan manje nan salklas la, si IHCP a reklame sa a;

- d. kolabore avèk doktè e lekòl etidyan an pou edike etidyan kijan pou l jere poukонт li alèji k ap menase lavi l yo, menm jan ak devlòpman apwopriye, yon fason pou ankouraje defans pèsonèl e konpetans nan swen pèsonèl; e
- e. lè sa posib, ankouraje etidyan an pou l toujou mete yon braslè avètisman nan bra l oswa yon chèn avètisman nan kou l.

II. Responsablite Etidyan: Yon etidyan ki gen yon alèji k ap menase lavi l ta dwe:

- a. Evite twoke (echanje) manje avèk lòt etidyan yo;
- b. Evite tout manje ki gen engredyan li pa konnen oswa engredyan li konnen men ki se nenpòt eleman ki favorize alèji;
- c. Notifye yon adilt imedyatman si l manje, touche, oswa inale (aspire) yon bagay ki kapab genyen eleman ki favorize alèji; e
- d. Jere alèji l dinamikman, lè l apwopriye devlòpmantalman.

III. Responsablite Enfimyè Eskolè a: Enfimyè Eskolè a dwe:

- a. Revize fòmilè enskripsyon etidyan yo chak ane e founi yon kopi Pwotokòl Alèji K ap Menase Lavi a paran nenpòt etidyan ki gen alèji k ap menase lavi l;
- b. Devlope epi egzekite yon IHCP, ki koresponn a EAP a, e Plan Administrasyon Medikaman pou chak etidyan ki gen yon alèji k ap menase lavi yo avan rantre lekòl la, oswa nan premye opòtinite aprè yo fin resevwa dokimantasyon nan men paran a;
- c. pataje IHCP a ak EAP a avèk pèsonèl la selon nesesite ki egziste (pa egzanp, lidè eskolè yo, pwofesè yo, pèsonèl sèvis manje yo, chofè otobis yo, antrenè yo, elatriye.);
- d. lè medikalman nesesè (egzanp, alèji pistach), travay ak pèsonèl lekòl la pou voye yon lèt ankourajman bay paran/gadyen ak elèv pou evite pote pistach/nwa oswa lòt alèjèn nan lekòl la;
- e. nan kòmansman chak ane eskolè, e selon nesesite a, founi edikasyon e fòmasyon pou tout pèsonèl la sou siy ak sentòm anafilaksis ak administrasyon EpiPen;
 - i. reyalize fòmasyon adisyonèl pou pèsonèl apwopriye a konsènan alèji k ap menase lavi etidyan yo, sentòm yo, rediksyon risk e pwosedi dijans yo, jan sa dekri nan IHCP ak EAP yo;
- f. konsève yon lis etidyan ki gen alèji k ap menase lavi yo nan biwo lasante a; e
- g. asire direktè lekòl la e Direktè Operasyon an enfòme de tout pwosedi ak sistèm yo ki nesesè pou asire sekirite etidyan yo ki gen alèji k ap menase lavi yo.

IV. Responsablite Lidè Eskolè a: Direktè a, Direktè Operasyon, oswa reprezantan l nan chak lekòl yo peryodikman dwe revize:

- a. Yon IHCP kreye epi egzekite pou chak etidyan ki gen alèji k ap menase lavi yo, e:
 - i. pèsonèl la okouran de kijan e kilè pou l kominike avèk biwo prensipal la e enfimyè eskolè a nan ka ta gen yon ijans;
 - ii. sistèm yo anplas pou asire pèsonèl la nan yon sitiayson tanporè (pa egzanp, sibstiti/ranplasan) konsyan de, epi gen aksè a IHCP ak EAP etidyan an;
- b. li nesesè devlòpmantalman, gen pwosedi pou kontwole kolasyon ak manje midi yo;
- c. pou klas yo kote etidyan yo gen yon alèji k ap menase lavi yo, lè sa nesesè;
 - i. yon lèt al jwenn paran ak etidyan yo pou ankouraje yo evite pote lekòl la pistach/nwa oswa lòt bagay yo konnen ki favorize alèji;
 - ii. gen zòn anndan salklas la/nan kafetarya ki etabli kòm zòn kote li entèdi pou moun manje kèk kalite manje avan e aprè lekòl la;
 - iii. gen fleksiblite nan regwoupe etidyan yo pou limite ekspozisyon a eleman ki favorize gwo alèji yo; e

- iv. tout etidyan ki gen alèji k ap menase lavi yo gen aksè a tout aktivite e selebrasyon salklas la;
- d. etidyan ak pèsònèl la gen aksè a enfòrmasyon konsènan teknik kòrèk pou lave men avan e aprè yo fin manje pou limite risk eksposizyon a eleman ki favorize alèji yo;
- e. pwofesè yo pa ankouraje pou yo itilize manje kòm prim oswa ankourajman, e itilizasyon manje pou fonksyònman salklas la limite, eksepte jan sa dekri nan règleman sa a;
- f. pwofesè yo notifye paran yo davans de tout aktivite eskolè ki egzije itilizasyon manje oswa eleman potansyèl ki favorize alèji pou pwojè oswa aktivite yo; e
- g. abitud pou y ap manje nan otobis la sou wout la dekonseye, eksepte sa yo ki gen egzijans medikal (pa egzanp, dyabetik)

V. **Responsablite Pwofesè yo e Lòt Pèsònèl yo:** Pwofesè yo e pèsònèl la ta dwe:

- a. Vin familyarize yo avèk IHCP etidyan yo ki anba sipèvizon yo epi reponn a ijans yo jan pwotokòl ijans lan dokimante nan EAP a;
- b. travay an kolaborasyon avèk enfimyè eskolè e lidè eskolè yo, lè sa posib, pou enfòme paran kamarad etidyan yo ki gen alèji k ap menase lavi yo de tout restriksyon salklas la ki nesesè pou redui risk eksposizyon a eleman ki favorize menas alèjik yo;
- c. ede nan kontwole etidyan ki idantifye yo pou ede yo evite konsome manje ki entèdi yo ki ateri nan salklas la pa megad oswa nenpòt manje ki santi bon nan lekòl la oswa nenpòt lòt moun ki pa paran etidyan ka pote, lè sa posib;
- d. prete yon atansyon patikilye a kontni manje animal yo ki kapab prezan nan salklas la etandoneke souvan manje sa yo gen pwodui pistach; e
- e. konsyan sitiyasyon "entimidasyon yo" ki itilize deklannchè ki favorize alèji kont yon etidyan ki gen alèji k ap menase lavi I reprezante yon agresyon grav e li dwe trete an konsekans.
- f.

B. **Manje nan Fèt ak Selebrasyon yo:**

I. **Fèt ak Selebrasyon yo:** Prekosyon ki vin annaprè yo dwe pran nan tout mezi posib pou asire sekirite etidyan yo ki gen alèji k ap menesa lavi yo:

- a. Pèsònèl eskolè a e/oswa òganizasyon eskolè yo ki founi atik alimantè yo nan klas yo oswa nan gwo evènman eskolè yo pandan jounen lekòl la pral asire yo manje a achte epi distriye pa depatman sèvis alimantè eskolè a lè sa posib, epi evènman kontwole ak itilizasyon menm direktif ki itilize pou kolasyon e manje midi yo; e
- b. pèsònèl la pral itilize aktivite selebrasyon altènatif (pa egzanp, atizana, videwo, elatriye), lè sa posib.

C. **Eskisyon / Vwayaj**

I. **Vwayaj:** Prekosyon ki vin annaprè yo dwe pran nan tout mezi posib pou asire sekirite etidyan yo ki gen alèji k ap menase lavi yo:

- a. Enfimyè eskolè a ak lidè eskolè enpòtan yo ta dwe konsilte (kontakte) avan detèminasyon konvenans chak eskisyon pou konsiderasyon sekirite etidyan yo ki gen alèji k ap menase lavi yo;
- b. Pèsònèl eskolè a ak lidè yo dwe notifye enfimyè a de tout vwayaj nan yon dèle rezonab, lè sa nesesè;
- c. avan yo derape, enfimyè eskolè a oswa lidè a ap raple chapewon an aktivasyon pwosedi EMS yo, lè sa posib;
- d. medikaman, enkli epinefrin, si l preskri, e yon kopi EAP etidyan an ta dwe akonpaye etidyan an;
- e. yon telefòn selilè oswa yon lòt aparèy komunikasyon dwe disponib nan vwayaj la pou fè apèl annijans;

- f. paran etidyan ki riske soufri alèji kapab envite pou akonpaye pitit yo nan vwayaj eskolè yo, an plis de chapewon an;
- g. si paran/gadyen yo oswa enfimyè a pa la pou akonpaye, yon lòt moun kapab resevwa antrènman pou jere yon sitiayson dijans; e
- h. eskisyon yo dwe chwazi ak anpil prekosyon pou asire okenn etidyan pa eskli nan yon eskisyon akoz risk ekspozisyon a eleman ki favorize alèji yo.

D. Aktivite Aprè Lekòl:

I. Aktivite Avan/Aprè Lekòl, Lekòl la Patwosine: Prekosyon ki vin annaprè yo dwe pran nan tout mezi posib pou asire sekirite etidyan yo ki gen alèji k ap menase lavi yo:

- a. Enstriksyon pou gen aksè a EMS a dwe poste atravè lekòl la;
- b. Enfimyè eskolè a ta dwe idantifye moun yo ki responsab pou kenbe epinefrin pou oto enjeksyon pandan evènman yo;
- c. Yon aktyèl epinefrin pa oto-enjektè ta dwe aksesib fasilman, e yon adilt nan manm pèsonèl la souplas ta dwe antrène pou itilizasyon I lè sa posib; e
- d. Si nesesè pou yo retire yon avètisman medikal (“ID braslè”) pandan aktivite yo pou rezon sekirité, etidyan an ta dwe sonje ranplase braslè idantifikasiyon I lan imedyatman aprè I fin reyalize aktivite a.

(Mizajou: Jiyè 2023)